

# Lekti pou fanmi FACE

Kote plezi ak aprantisaj reyini ansanm!

## Aktivite sou pale/tande

### **Sware pou rakonte istwa**

Organize sware pou rakonte istwa kote chak manm fanmi pataje istwa yo pi renmen yonn apre lòt oswa menm kreye pwòp istwa pa yo.

### **Pawòl chante**

Tande chante ak chita pale sou pawòl chante yo Ou ka menm enprime pawòl chante epi li yo pandan y ap jwe chante a.

### **Egzèsis sou atikilasyon**

Pratike *tongue twisters* (fraz/mo/ekspresyon ki difisil pou pwononse), egzèsis atikilasyon, ak fè repetisyon an fanmi pou amelyore pwononsyasyon lè w ap pale.

### **Sware deba**

Organize deba amikal sou sijè ki enteresan, sa k ap pèmèt manm fanmi eksprime pwennvi yo ak tande aktivman avan yo bay yon agiman kontré.

### **Teyat ak Improv**

Patisipe nan pèfòmans teyat oswa patisipe nan klas enpwovizasyon pou fanmi-zanmi, ankouraje kreyativite nan ni pale ni tande.

### **Konvèsayon TED Talk**

Gade TED Talks an fanmi epi patisipe nan konvèsayon apre sa, pataje saw panse ak fè refleksyon sou lide lòt moun pataje.

### **Jwèt pou langaj**

Jwe jwèt ki gen rapò ak lang tankou asosyasyon mo, rakonte istwa avèk *prompt cards*, oswa jwèt pou anrichi vokabilè pou fè aprantisaj langaj amizan (pa egzanp Taboo, Telephone, Heads Up).

### **Pratik entèvyou**

Chwazi yon lòt moun epi poze youn lòt kesyon sou sijè espesifik, sa ede manm fanmi fè pratik nan ni poze kesyon ni bay repons ki fè sans.

### **Resital pwezi**

Fè sesyon resital pwezi kote chak manm fanmi chwazi yon powèm pou resite, sa ede amelyore fason w pale ak tande avèk atansyon.

### **Sèk diskisyon**

Chwazi yon aktivite aktyèl oswa yon sijè ki fè reflechi epi patisipe nan sèk diskisyon an fanmi, sa ki pèmèt chak manm eksprime opinyon yo ak tande lòt moun avèk atansyon.

### **Defi pou pale an publik**

Kreye defi amizan pou pale an publik, tankou bay diskou kout sou sijè ou pi renmen oswa pratike prezantasyon, pou ranfòse konfyans nan tèt ou lè w ap pale.

T-35990 (Haitian Creole)

# Lekti pou fanmi FACE

Kote plezi ak aprantisaj reyini ansanm!

## Aktivite sou lekti/redaksyon

### Lekti avan w dòmi

Kreye yon woutin lekti avan w dòmi pou li awotwwa pou manm fanmi ki pi piti a, sa ankouraje yon eksperyans lekti pozitif depi tou piti.

### Fè lekti anplenè

Pran plezi nan li anplenè lè w ale nan pak Vil Nouyòk, tankou Central Park, ak fè piknik an fanmi pou li.

### Liv odyo ak podcasts

Tande liv odyo ansanm ak podcasts, apresa chita pale sou kontni an, karaktè yo, ak tèm pou amelyore konpreyansyon ak abilite pou fè konvèsasyon.

### Ale nan bibliyotèk

Planifye pwomnad regilye nan bibliyotèk lokal, tankou bibliyotèk piblik Vil Nouyòk (New York Public Library), pou eksploré yon pakèt liv pou tout manm fanmi an.

### Club liv pou fanmi

Kòmanse yon club liv familyal kote w chwazi yon liv pou w li ansanm chak mwa, apresa chita pale ak fè aktivite ki gen rapò ak tèm nan liv la.

### Libreri lokal

Sipòte libreri endependan nan Vil Nouyòk lè w ale ladan yo ansanm avèk fanmi w pou dekouvri nouvo liv ak patisipe nan aktivite otè òganize.

### Defi nan lekti

Kreye de seri defi nan lekti avèk bay rekonpans depi w atenn sèten etap nan lekti, sa ankouraje tout moun nan fanmi an li plis.

### Atelyet travay pou ekriti

Patisipe nan atelyet travay pou ekriti oswa klas ekriti kreyatif yo ofri nan Vil Nouyòk pou ankouraje lanmou pou lekti ak ekriti.

### Resous dijital

Eksploré platfòm ak resous sou entènèt, tankou bibliyotèk dijital ak sèvis e-book, pou jwenn aksè nan yon pakèt materyèl pou fè lekti.

### Magazin ak liv tikomik

Menmsi yo se toujou yon fòm materyèl ki enprime, yo ofri yon eksperyans lekti differan pase liv tradisyonèl yo. Yo souvan gen imaj enteresan ak tèks ki pa long.